



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ MURPHY, GOUVÈNÈ LAMONT AK GOUVÈNÈ CARNEY ANONSE AKÒ ANT PLIZYÈ ETA KONSÈNAN PLAJ ANVAN WIKENN JOUNEN MEMORIAL LA

Pousuiv yon angajman pou kowòdone politik rejyonal yo pou reponn ak COVID-19, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo, Gouvènè New Jersey a Phil Murphy, Gouvènè Connecticut Ned Lamont, ak Gouvènè Delaware John Carney te anonse yon akò ant plizyè eta pou re-ouvri plaj piblik ak prive yo avèk kèk restriksyon an plas k'ap an vigè, nan dat vandredi 22 me. Apwòch sa a pral pi byen alinye politik eta yo anvan mwa ete yo.

"Avèk wikenn Jounen Memeryal (Memorial Day) la k'ap apwoche rapid ak tanperati ki pi cho ki sou wout nou, nou vle asire ke Nouyòkè yo ak rezidan eta vwazen nou yo kapab jwi aktivite lwazi anplennè san danje", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te kowòdone ak lòt eta yo nan tout moman pandemi sa a, e nou deja travay sou yon akò ki pèmèt plaj yo ouvri ak distans sosyal apwopriye ak lòt pwoteksyon sante piblik nan plas pou nou ka kòmanse etabli yon nouvo nòm al san yo pa mete pwogrè nou deja fè yo an danje."

Gouvènè Murphy te deklare, "Yon vwayaj nan plaj la se yon pastan presye pou abitan New Jersey yo nan wikenn Jounen Memorial la menm jan li ye pou abitan nan eta vwazen nou yo. Lè nou alinye règleman distans sosyal nou an pou plaj yo, nou ka pote yon samblan nan yon 'nouvo nòm al' nan rejyon nou an anvan premye wikenn sezon ete a".

Gouvènè Lamont te deklare, "Plaj nou yo se kèk nan pi bèl byen ak trezò nou genyen. Nou vle asire ke yo jwi zòn anwo ak anba kòt lès la nan yon fason ki pi an sekirite jan sa posib, espesyalman kòm sezon ete a kòmanse. Travay ansanm kòm eta pou asire ke li fè sans pou yo ka jwi ak responsabiltè".

Gouvènè Carney te deklare, "Ete nan plaj la se yon gwo pati nan lavi anpil abitan Delaware yo. Kòm nou fasilite wout nou an nan direksyon yon nouvo nòm al, nou ap eseye jwenn fason pou abitan Delaware yo jwi aktivite anplennè san danje yo epi akonpanye fanmi yo".

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)